

# NARATIF

Karangan naratif nya eta karangan anu diwangun dumasar kana urutan waktu (kronologis) nepi ka eta tulisan teh jadi wangun anu gembleng.

Tujuan naratif:

1. nyaritakeun hiji jalma atawa kelompok;
2. nyaritakeun kumaha respon individu atawa kelompok ngeunaan hiji hal;
3. ngaeksplorasi ajen sosial jeung budaya hiji kelompok masarakat anu tangtu;
4. ngahibur nu maca, nyieun kataji nu maca kana naon anu dicaritakeun.



## Struktur Organisasi:

- a. Orientasi, miboga fungsi ngawanohkeun hiji karakter sarta dicaritakeun kalawan jentre; Nyaritakeun irahana, dimana, saha, naon, jeung naha (5W+1H).
- b. Complication boga fungsi nyaritakeun masalah jeung nu kajadian;
- c. Evaluation: mere komentar ngeunaan kajadian ku cara mere sawangan kana eta kajadian;



nyadarkeun nu maca kana kajadian anu kaalaman ku karakter nu keur dicaritakeun; jeung nyipta suasana anu nyieun nu maca ngarasa panasaran pikeun maca sarta mikanyaho teks/wacana nepi ka tamat.

d. resolution: ngagambarkeun cara ngarengsekeun masalah

e. coda: ngarengsekeun masalah ku cara mere komentar kana naon anu dicaritakeun.



## Ciri Linguistik:

- a. Biasana dibuka ku kekecapan waktu;
- b. Nyaritakeun mangsa nu geus kajadian;
- c. loba ngagunakeun kecap pagawean;
- d. loba ngagunakeun kecap pagawean anu sifatna verbal (saying verb/ verba; processes)
- e. ngagunakeun mental verb (naon anu dipikirkeun/ nu dirasakeun)
- f. Ngagunakeun pernyataan deskriptif



## Wangun naratif:

Umumna sifat naratif teh imajinatif, sanajan aya anu faktual. Wangun naratif di antarana: carita rakyat, misteri, carita fiksi, horror, jeung carita cinta.

## Daftar Pustaka:

Emilia, Emi. 2011. *Pendekatan Genre-Based dalam Pengajaran Bahasa Inggris: Petunjuk Guru*. Bandung: Rizqi Press.

<http://id.wikipedia.org/wiki/>

